

# Avètisman pou Lasante

## Pinga Ou Sèvi ak Pesticid Sa Yo

Sniper DDVP, Baton Lakrè Chinwa/Baton Lakrè pou Tiye Ravèt, Tres Pasitos ak Tempo Dust se pesticid ki toksik epi yo kapab bay pwoblèm sante grav, tankou kriz, koma, kansè epi yo kapab lakoz lanmò.

- Pinga ou janm sèvi ak pesticid sa yo.
- Pinga ou janm achte pesticid nan men moun k ap vann nan lari.
- Pa mete pesticid yo kote pou timoun ak bèt kay jwenn yo.



Sniper DDVP



Tempo Dust



Baton Lakrè Chinwa/  
Baton Lakrè pou Tiye Ravèt



Tres Pasitos

Rele Sant Kontwòl Pwazon NYC nan 212-764-7667 pou w jwenn plis enfòmasyon si w te sèvi ak pwodui sa yo. Ou kapab rele liy enfòmasyon an 24 sou 24, 7 jou sou 7. Gen sèvis entèpretasyon ki disponib.


Rele **311** pou w di kote ou wè yo ap vann pwodui sa yo.

Pesticid yo pa sifi pou rezoud pwoblèm tibèt nuizib ou genyen an. Pou w poze kesyon sou fason pou elimine tibèt nuizib yo san danje, rele **311** epi mande "**Healthy Homes**" (Kay Pwòp) oswa voye yon imèl nan **healthyhomes@health.nyc.gov**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**pest control**" (kontwòl tibèt nuizib) oswa eskane youn nan kòd QR ki anba yo.



Pou pwopriyetè bilding,  
manadjè, jeran bilding  
ak ouvriye



Pou lokatè ak lòt rezidan yo